EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 8.165 www.in-academy.uz




# THE THEME OF HUNTING IN THE WORKS OF O. OTEWLIEV

**Azatova Jamila**
Doctoral student of NSPI named Ajiniyaz
https://doi.org/10.5281/zenodo.14204305

**ARTICLE INFO**
Received: 15th November 2024
Accepted: 21th November 2024
Online: 22th November 2024
**KEYWORDS**
*Ustyurt, hunting, story, horse, wolf, tiger.*

**ABSTRACT**
*Description of the theme of hunting in the works of the writer and journalist Omirbay Otevliev, analysis of what animals and images are given in it.*

# Ó.ÓTEWLIEV SHIǴARMALARÍNDA AŃSHÍLÍQ TEMASÍ

**Azatova Jamila**
Ájiniyaz atındaǵı NMPI doktorantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.14204305

**ARTICLE INFO**
Received: 15th November 2024
Accepted: 21th November 2024
Online: 22th November 2024
**KEYWORDS**
*Ústirt, ańshılıq, gúrriń, at, qasqır, jolbarıs.*

**ABSTRACT**
*Jazıwshı hám jurnalist Ómirbay Ótewlievtiń shıǵarmalarındaǵı ańshılıq temasınıń súwretleniwin, onda qanday haywanatlar, qanday obrazlar berilgenligin talqılawdan ibarat.*

"Ústirt tegisligi Ómirbaydıń jurnalist jazıwshı sıpatında sharlaytuǵın kosmoslıq maydanshasına aylanǵanın bilip, "Ómirbay – Ústirt" dep ádebiy laqap qoydım"[1] – degen edi Ózbekstan xalıq jazıwshısı Shúkir Xalmurzaev óziniń "Ómirbay – Ústirt" atlı maqalasında. Jazıwshı hám jurnalist Ómirbay Ótewlievke berilgen bul laqap tosınnan emes. Onıń dóretiwshiligine názer salar ekenbiz onda ana tábiyat, Ústirt tegisligi boyında bolǵan waqıyalar, ańshı hám haywanatlar dúnyasın sheber súwretlegeniniń gúwası bolamız. Onıń shıǵarmalarınıń kópshiligi haywanatlar haqqında jazılsa, onıń ishinde ásirese eń kóp sóz etilgeni at esaplanadı, onnan tısqarı qasqır, jolbarıs haqqında da jazılǵan gúrrińleri barshılıq. Bul shıǵarmalarıń hámmesi derlik Ústirt boylarında bolıp ótken waqıyalardı sóz etedi. Onıń "Jabayı kók" toplamına hár jılları jazǵan gúrriń hám ocherkleri menen tábiyat qubılıslarına baylanıslı waqıyalar kirgizilgen.

"Jabayı kók" gúrrińi arqalı teńzige, ana jerine janı ashıǵan, olarǵa muhabbatı kúshli adamdı bayanlaydı. "Qarlıǵash uya salǵan úy" gúrrińinde qarlıǵashtıń qanday kiyeli qus ekenligin, sol qusqa degen adamnıń muhabbatın sóz etedi. Bul gúrrińi arqalı oqıwshılardıń

---
[1] Өтеўлиев Ө. Бахыт қусы. Нөкис: "Қарақалпақстан" баспасы, 2024-жыл, 100 б.

quslarǵa, janıwarlarǵa mehir-muhabbatın oyatıp qoymastan, olarǵa durıs qarım-qatnasta bolıwdı úyretedi. Kólemi az bolǵanı menen qunlı tárbiya beredi. Oǵan usı qatarların mısal qılıp kórsetiwge boladı: *"Uya buzǵan adamnıń ońǵanın kórdiń be?", "Iyt tepkenniń ırısqı-nesiybesi kemiydi", "Pánt jegennen bola beriń, kisige azar jetkizgen ońbaydı", ""Báhár kelse jıl sayın Káábatulladan aylanıp qaytatuǵın qarlıǵashlarımızdı saǵına kútemiz"*[2].

"Orınbay qaqpanshı" ocherkinde ańshı Orınbay qaqpanshıdan alǵan intervyusı arqalı Qaraqalpaqstan, Ústirt boyındaǵı ańshılıqtıń jaǵdayın biliwge boladı. Bunda Orınbay qaqpanshı kóp qunlı maǵlıwmatlar bergen. Qaraqalpaqstannıń aymaǵında qanday ań túrleri bar bolǵanı, hár qaysısınıń óziniń tábiyatı haqqında bilemiz. Bul kásipke ómirin arnaǵan ańshı ańshılıq haqqında bılay deydi: *"Arıslanday kúshiń bolǵanı menen túlki yańlı hiylekerlik etpeseń bul kásipten nan jewiń qıyın. Qasqırday júrekli, qıymılı shalt haywandı kórmedim. Ózim jaqsı kóretuǵın bir qásiyeti joldasın dastıq qılmaydı. Qansha qanlı awız bolsa da nesiybesinen artıq jemes. Tábiyatına qaray jırtqısh haywanlardıń da minez-qulqı ózgergen. Ertedegi ań-quslar adamdı uzaqtan kórse qaymıǵıp qashatuǵın edi. Házirgiler halın bilsin, bilmesin qarsı shawadı"*[3]. Sonday-aq, bul ocherkte Ústirttegi jolbarıslardıń qashanǵa shekem bar bolǵanlıǵın da aytıp ótedi: *"1940-jılı Ústirtte, "Gerkirewik"tiń qudıǵında jolbarıs bar edi. Jolbarıs 1950-jıllarǵa shekem hár jerde bir eles berip, sоń awıp ketti. Biziń Ústirtte ne joq deyseń?!"*[4].

"Jabayı kók" atlı toplamında gúrriń hám ocherkleri menen birge bolǵan waqıyalardı da keltiredi. Sonıń ishinde "Ayǵa shawıp ulıǵan ızalı kókjal" atlı waqıya qasqır tuwralı kóp maǵlıwmat beredi. Bunda Ústirt boyında "Sudoche"ni jaǵalap qonǵan "Sarancha" dep atalǵan awılda qoylarına, mallarına qasqır shawǵanda olardı uslap ózleriniń qáwipsizligin oylaǵan xalıq, sol waqıtları bolǵan waqıyalardı sóz etedi. Qasqırdıń shabıwınan kún kórisi qıyınlasqan xalıq qasqırlardıń kóbeyip, awıldıń ishine aralasqanın usılay boljaydı: *"Kól-qopalar suwlı gezleri qasqırlar bunshelli kóbeyip, bereketimizdi qashırmas edi. Kiyikler azayǵalı shıǵatuǵın qoyǵa úyir, oyǵa ábden jersindi. Suw túspegen kól-qopalar menen seksewil, jıńǵıllıqtıń arası tirishiligine júdá qolay. Jawday qamaǵan qasqırǵa qarsılıq bildiretuǵın qaqpannan basqa jaraǵımız qalmadı"*. Padashılar qasqırlardıń inine dus kelgenin, kúshikleri sırtta oynap júrgenligin xabarlaydı. Bunı serlegen qasqırdı óz balasın aman saqlap qalıw ushın qonısın ózgertedi: "*Qasqır júdá aqıllı, sumlıǵı túlkiden qalıspaytuǵın júrekli haywan. Ini menen kúshiklerine adamlardıń kózi túskenin abaylap, tezlik penen qonıs ózgertipti".* Qasqırdıń uyasın tawıp tiriley 4 kúshigin uslap aladı. Uyadan qazıp alınǵan qasqırdıń kúshiklerin baǵıw qıyın bolǵan soń onı tarqatıp berip jiberedi. Xojeliden saqlap alǵan adamdı izlep úyine barsa qasqırdı sol kúni-aq qashırıp alǵanın biledi. Iyesi kósheniń ılıqqan iyesiz iytlerine qosılıp júrgenin geyde kórip qalatuǵınının, onıń súyegi iri dawısı qorqınıshlı ekenin aytadı. Usılarǵa qosımsha avtor qasqır haqqında bılay deydi: "*Qansha asırap saqlaǵan menen toǵayǵa qarap ulıǵanın qoymaydı.* Qasqırdı qansha qolǵa úyretken menen ol erkinlikti kúseytuǵın, toǵayǵa janı tarıtp turatuǵın haywan ekenligin ádebiyatta qazaq jazıwshısı M.Áwezovtıń "Kókserek", inglis jazıwshısı Jek Londonnıń "Aq Azıw" shıǵarmasınan gúwası bolǵanbız.

"Sholpan juldız úzilmekshi" waqıyasında Moynaqtaǵı bolıp ótken waqıyalardı sóz etedi. Qutırǵan qasqır menen alısqan xalıqtıń jaǵdayın, qasqır tislegen Allayardıń táǵdiri ólim menen

[2] Өтеýлиев Ө. Жабайы көк. Нөкис: "Қарақалпақстан" баспасы, 2013-жыл, 124 б.
[3] Өтеýлиев Ө. Жабайы көк. Нөкис: "Қарақалпақстан" баспасы, 2013-жыл, 124 б.
[4] Өтеýлиев Ө. Жабайы көк. Нөкис: "Қарақалпақстан" баспасы, 2013-жыл, 124 б.

juwmaqlanıwın aytadı. Onıń sońǵı sózlerin bılay keltiredi: *"Qutırǵan iyttiń ómiri qırıq kúnlik... Artımda qalǵan sizlerdi ayayman. Kekshil qasqırdıń jubayı izlerińizge tússe... Saq bolıń!"*[5] Bunnan biz qasqırdıń kekshil haywan ekenligin, olar óz jubı ushın ósh alıwın kóriwimiz múmkin.

"Qasqırdı aytpa, apa" waqıyasında da sol qasqır menen alısqan Úshsayshılardı kóremiz. Biymezgil ájeline qutırǵan qasqır sebepshi bolǵan qırıq altı jaslı Jaqsıbay haqqında aytıladı. Bul waqıya "Sholpan juldız úzilmekshi" waqıyasındaǵı Allayar awıllas inisi ekenligin biliwge boladı. Sol waqıyadan kóp ótpey qutırǵan qasqırlardıń aldın tosıp ayqasadı. Aqır sońında es-tussız qaladı. Emlewxanaǵa barǵanda ózin jaqsı sezingeni menen sońınan kópke barmay jan tapsıradı. Bul waqıyaǵa gúwa bolǵan qızı menen ulı sonnan baslap qorqıp "Qasqırdı aytpa, apa" dep qorqatuǵın bolıp qalǵan.

"Dastıǵın ala ólgen kekshil qasqır" waqıyasında qasqırdıń jáne awıl arasına kirip mal, qoyların bazıwlaǵanı sóz etiledi. Sol awıldaǵı bir muǵallim kólge qamıs orıwǵa eki qızı menen baradı. Qasqırǵa dus kelip onı oraq penen urıp hálsiretip, óldi dep oylap suwǵa taslaǵan menen suwdan shıǵıp bir qızın talap óltirgen, qasqırdan qashqannan keyin ekinshi qızınıń da júregi qabızınan shıǵıp kópke barmay qaytıs bolǵanlıǵın aytadı.

"Jolbarıstıń jaǵın ayırǵan Dúysenbay" waqıyasında da jolbarıs sóz etiledi. 1926-jılı Moynaqta Dúysenbay balıqshı balası menen qamıs orıwǵa barǵanda ketpeni qamıs arasında jatırǵan jolbarıstıń balasına tiyesi. Sonnan onıń anası jolbarıs Dúysenbaydıń jolın tosıptı. Ulın adamlardı xabarlandırıw ushın jiberip úlgeredi. Uzaqtan kózin súzip, oqtay atlıqsa ayaqların jerge tiydirmey belinen taraq alıp qapsıra qushaqlaydı. Jolbarıs penen ayqasıp qansırap haldan tayǵan gezleri awıllasları kimi piyada, kimi atlı-eshekli keliskeni menen jolbarısqa jaqın kele almay uzaqta turıp qayǵırısadı. Dúysenbay jolbarıstıń jaǵın ayıradı. Jolbarıstıń jalınnan qorqadı menen aylana dógerekti qızıl jalınǵa aylandıradı. Adamlar kóbeygenge aybınıp taysalaqlaǵan jolbarıstı abaysızda ókpe awzına tewip jıqqan Dúysenbaydıń halı bolmay onı arbaǵa salıp qaytadı. Jolbarıs izinen jerge tamshılaǵan qanın jalap awılǵa aralasıp qaladı. Kúndiz awıl arasın gezse, túnde esiginiń aldında qarawıllap jatqan. Awıllasları oylasıp jolbarıstı Qıdır mergenge attıradı. Dúysenbay emlewxanada jatqanlıǵı, onda jolbarıstıń tırnaǵınıń izleri qalǵanın aytadı. Onıń perzentleri menen tillesip bolǵan waqıyalardı jazıp aladı. Jáne de "Jolbarıslı el-dáwletli el" degen hikmetli sóz bar keltirip ótedi. Házirgi waqıtta kóshpeli haywanatlar baǵındaǵı jolbarıslardı kórip *"Biziń elde de jolbarıslar jasaǵan. Dúysenbay atamız ayqasıp, jaǵın ayırǵan"* dep jurtshılıqqa maqtanısh etemen deydi avtor.

"Qaraqalpaq jolbarısları menen ushırasıwlarım" waqıyasında Aqqalalı Dáwletbaydıń dárya jaǵalap, teńizge jaqın jerde jasaǵan Qurbanbay degen atasınıń jolbarıslar menen ushırasıwların aytıp bergen waqıyaları sóz etiledi. Ol 1924-jılı balası menen kólge pishen orıwǵa baradı. Japıraqlı, qalıń qamıslıqtaǵı jolbarıstıń uyasın kóre sala qashadı. Sonda olardıń iyti jolbarıstıń keshe ya búgin tuwılǵan kishkentay balasın tislep alıp erip keledi. Iyesi tasla degenine qulaq aspaǵanı bılay tursın aldına shıǵıp jol kórsetedi. Ana jolbarıs izine jetip balasın tartıp alıp iytti bir nuqıǵanda óltiredi. Awıl adamlar awılǵa qáhárin qoyǵan jolbarıstı attıradı. Bazarǵa onıń terisin satıwǵa aparǵanda awır qástege shalınǵanlar menen náreste tuwmaǵan hayallar aylanshıqlap, dártlerine dawa izlegen dep keltiredi.

5 Өтеўлиев Ө. Жабайы көк. Нөкис: "Қарақалпақстан" баспасы, 2013-жыл, 124 б.

"Jolbarıstıń balalarına qalay oyınshıq bolǵan" bóliminde Qurbanbay ata Ámiwdáryanıń "teris qaytpa" aǵısına kershi qurıp otırsa shep iynine bir urıp oylawǵa mursat qaldırmay jolbarıs jelkesinen tislep, iynine qaǵıp salıp shat-sheńgelliktegi soqpaqta jortadı. Jolbarıs óz uyasına alıp baradı. Uyasında onıń kishkentay balası Qurbanbay atanıń qulaǵın ǵayzap oynaydı. Tóbesinde ana jolbarıs ırıldawı menen baqlap otırǵan. Es-túsinen ayrılıp yarım aqshamda kózin ashsa jolbarıs balası menen qurıldap uyqlap atırǵanın kóredi, pursattan paydalanıp qashadı. Jaǵıstı tabanı iliwden ózin suwǵa taslap, arǵı júzge júzip ótse jolbarıstıń quyrıǵı menen jer sabalap, aspanǵa topıraq shashıp turǵanın kóredi. Jolbarıslar menen bolǵan mine usı waqıya Ámet Shamuratovtıń "Meniń jolbarıslar menen jolıǵısıwlarım" gúrrińinen bizge tanıs: "*Ol aldıńǵı sol ayaǵı hám awzı menen qostıń itiyajlanıp bekitilgen awzın asha basladı. Esik ashılıwdan emshekten ayırǵan kópek iyttiń balasınday sarǵısh júnli jolbarıstıń balası aldına oynaqshıp shıqtı. Meni qostıń tórine aparıp ılaqtırıp urdı. Balası maǵan kelip, iyiskelep, hár jerimnen tislep tartıp, oynay berdi. Balası meniń etigimdi ǵayzap, kiyimimdi tartıp oynap júr*". Jolbarıs uyqlaǵannan qashıp, dáryadan ótedi: *"Mayǵa túsken tıshqanday bolıp jaǵaǵa shıǵıp kiyimlerimdi sıǵıp tursam, arjaqtaǵı meniń dáryaǵa taslaǵan jerimniń shańı aspanǵa shıǵıp atır. Abaylap qarasam baǵanaǵı jolbarısım. Onıń jer tırnalap aqırǵanı tap qulaǵımnıń qasında shıqqanday".*

Kórip turǵanımızdan jurnalist hám jazıwshı Ómiraby Ótewlievtiń shıǵarmalarınıń, dóretiwshiliginiń kópshiligi tábiyatqa, haywanatlat álemine arnalǵan. Basqa jazıwshılardan parqı jurnalist bolǵannan keyin ol óz shıǵarmaların anıq faktler menen keltirip, sol haywanlardı óz kózi menen kórgen, gúwası bolǵan adamlardı yamasa olardıń áwladların tawıp óz awızlarınan jazıp aladı. Bunıń hámmesi jazıwshınıń haywanatlat dúnyasına bolǵan qızıǵıwshılıǵı, mehir-muhabbatı, jáne bul maǵlıwamtlardı keleshek áwladlarǵa deyin umıtılıp ketpey tariyxta qaldırıwǵa háreket etkeninen dep bilemiz. Sebebi bul sóz etilgen haywanlardıń kópshiligi ata-babalarımız zamannda bolǵan bolsa búginliginde joqtıń qasında. Qaraqalpaqlardıń arasında seyisler úlken abıroy-dańqqa iye bolǵan, toylar at shabıssız ótpeytuǵın bolǵan. Umıt bolıp baratırǵan búgingi kúnde qaraqalpaq ádebiyatı, ańshılıq ádebiyatı jáne de qaraqalpaq tariyxı ushın da bul shıǵarmalar júdá áhmiyetli esaplanadı.

## References:

1. Өтеўлиев Ө. Бахыт қусы. Нөкис: "Қарақалпақстан" баспасы, 2024-жыл, 100 б.
2. Өтеўлиев Ө. Жабайы көк. Нөкис: "Қарақалпақстан" баспасы, 2013-жыл, 124 б.
3. Шамуратов А. Мениң жолбарыслар менен жолығысыўларым. Нөкис- 2010.